

**KONTEKS / Context**

Nan kad Pwojè k ap fèt sou reyalite fanm ak tifi andikape, ekip la ap genyen pou emprime plizyè materyèl, pou distribisyon nan divès òganizasyon estratejik pou yo entegre l nan enplementasyon SASA ! ak *Kore Tifi* pa yo. Konsa, li bezwen yon kay empresyon ki kapab fè bon kalite empresyon sou papye bon kalite, ak livrezon Jakmèl.

**I. OJEKTIF KONSILTASYON AN / Objective of Consultancy**

Empresyon ak livrezon kopi dokiman sa yo : 4 Afich, 3 Ti Pale, 3 Teyat

**II. DESKRIPSYON JENERAL KONTRA A ak RESKONSABILITE KONSILTAN AN/General Description of Contract & Responsibilities of Consultant**

- Fè eprèv 1 nan chak kalte materyèl yo pou validasyon Jakmèl
- *Disponib pou korije sa ki merite korije*
- Apre apwoubasyon eprèv, fè empresyon pou pi piti:
  - 26,000 Afich (7000 kopi nan Afich 1 (Faz 1) / 5000 kopi nan Afich 2 (Faz 2) / 9000 kopi nan Afich 3 (Faz 3)/ 5000 kopi nan Afich 4 (Faz 4)) - **11x17 TOUT Koulè, sou papye bristol glossy rekto verso**
  - 3,059 Ti Pale (1000 Faz 2 / 1000 kopi Faz 3 / 1059 kopi Faz 4) - **8.5x11 TOUT Koulè, sou papye bristol glossy rekto verso**
  - 6300 Teyat (700 kopi chak nan 3 Teyat yo, ak 10 paj anviwon pou chak) - **8.5x11 TOUT Koulè, sou papye bristol glossy rekto verso**
- Livrezon pou rive Jakmèl, Haiti

**III. TRAVAY POU LIVRE/ Deliverables**

- Tout eprèv ak kopi finalize site pi wo

**IV. DIRE ak DAT LIMIT / Duration & Deadlines**

- Dele pou eprèv : 7 jou ouvrab apre siyati kontra
- Dele pou livrezon final : 3 semenn apre siyati kontra

**V. RESKONSABILITE DEPASE FWONTYE YO / Depase Fwontyè yo Responsibilities**

- Pataje tout dokiman referans, logo ak lòt
- Bay fitbak sou eprèv anndan 3 jou ouvrab
- Bay 30% toutswit apre siyati kontra; epi 70% apre Beyond Borders/ Depase Fwontyè yo verifye livrezon an e apre Depase Fwontyè yo rive jwenn fakti nan men kay empresyon

**VI. PWOFIL KANDIDA / Candidate Profile**

- Genyen kapasite ak konesans nan fè empresyon ak livrezon a lè

- Gen aksè ak papye bon kalite, jan sa presize nan tèm referans
- Disponibilite
- Bon konpetans nan komunikasyon ekri epi pale Kreyòl

#### VII. EGZIJANS pou DEPOZE APLIKASYON / *Submission of Application*

- Yon pwofòma an **Goud** ki detaye empresyon ak livrezon ak kalite papye; delè 8 Oktòb 2021 sou [consultant@beyondborders.net](mailto:consultant@beyondborders.net)